Пролетару дуней псом тетхэ, фызэгухьэхэ!

# ЧЕРКЕС ПЛЪЫЖЬ

...П(б)-м и Черкесскэ обкомым, гуащIэрыпсэухэм я депутатхэм я Облсоветым, горкомым я оргэнщ

№ 100 (2327) | Махуэку, августым и 31-м 1944 гъ. | И уас. кI. 20

## СОВЕТСКЭ ИНФОРМБЮРОМ КЪЭБГЪЭДЭКIЫУ

### Августым и 29-м и оперативнэ сводкэ

Августым и 29-р екIуэкIыхункIэ город ВАЛГА и ищэ-къуэкIыпIаIуэкIэ ди дзэхэм зауэкIэ къащтащ къуажэ 60-м щIигъу, абыхэм ящыщхэщ ТАХОВА, ЛЫАНЕ, НЫГЛИ, МЖВИРИ, ПОКАНЫ, ПАЛМАНИ, ЯНУЖИ, БЛОМЕ, СТАТИ.

ПРАГА и ищхъэрэ-къуэкIыпIауэкIэ ди дзэхэм ехъулIэныгъэ хэлъу бийм и пехотэрэ танкрэ зэщIэту атакэ къигъакIуэхэм зызэпыгъэзащ икIи я позициехэр ящIахэщ.

РУМЫНИЯМ деж БУХАРЕСТ и ищхъэрэ-къуэкIыпIаIуэкIэ ди дзэхэм, ехъулIэныгъэ хэлъу наступлением зырагъэубгъуэрэ, къащтащ гъущIгъуэгу икIи шоссейнэ гъуэгу зэхыхьэпIэшхуэ—город БУЗЭУ, абы хуэдэ къабзу зауэкIэ къащтащ нэмыщI къуажи 150-м щIигъу, абыхэм ящыщхэщ мы къуажэшхуэхэр ПОПЕШТИ, БЛЭГЛАНИ, ХАЙМАНАЛЕ, МАТЕШТИ, БАЛТА, ПЛАНУЛУЙ, НИКОЛЕШТИ, ВЭЛГЕЛЕЛЕ, РОМАНУ, ТРАЯН, БОРДЕЙ, ВЕРДЕ, ГЛАШАЙ, НОУЙ, гъущIгъуэгу станцхэу СЭРАТ, ТРАЯН, АРИГУЮ, СТУПИНА, ЗОЙЦА, БОБОКУ.

Город ИЗМАИЛ и къухьэпIаIуэкIэ ди дзэхэр зэпырыкIахэщ ДУНАЙ псым, ЮгымкIэ наступлением зырагъэубгъукIэрэ, къащтащ Севернэ ДОБРУДЖИ и щIым деж къуажэ 50-м щIигъу, абыхэм ящыщщ городхэу ИСАКЧА, МЭНЧИН, БАБАДАГ, къуажэшхуэхэу КАРКАЛИУЛ, ТУРКОАЙЯ, ЧЕРМА ПЕЧИНЯГА, ДОРАБАНЦУЛ, ЧУКУРОВА, гъущIгъуэгу станцу БАБАДАГ.

3-рей УКРАИНСКЭ фронтым и дзэхэм, моторизированнэ, танковэ соединениехэм псынщIу ирагъэкIуэкIа наступлением къыхэкIкIэ, Черноморскэ флотым и корабльхэмрэ десантнэ частхэмрэ къыдаIыгъэкIэрэ, августым и 29-м къащтащ город икIи тенджыз ФIыцIэм и мыхьэнэшхуэ зиIэ порт—КОНСТАНЦА.

Фронтым и адрей участкэхэм зэхъуэкIыныгъэ щIагъуэ къыщыхъуакъым.

Августым и 28-м и кIуэцIкIэ ди дзэхэм фронтым псом дежи зэхакъутахэщ немецкэ танк 60. Хьэуэм щекIуэкIа зауэмрэ зенитнэ артиллериям и нафIэмрэ къыраудыхащ бийм и самолет 27.

### Августым и 30-м и оперативнэ сводкэ

Августым и 30-р екIуэкIыхункIэ город ТАРТУ и ищхъэраIуэкIэ ди дзэхэм зызэпыгъэзахэщ бийм и пехотэрэ танкрэ зэщIэту атакэ къигъакIуэхэм.

Город ЛОМЖА и ищаIуэкIэ ди дзэхэм зауэкIэ къащтахэщ къуажэ заул, абыхэм ящыщщ ХОМЕНТОВО, РАДГОЩ, ЖОХИ-МИЛИН, ДОМБЕК, ГРОДЫ, ОСУХОВО НОВЕ, ПОРЕМБА.

ПРАГА и ищхъэрэ-къуэкIыпIауэкIэ ди дзэхэм ехъулIэныгъэ хэлъу бийм и пехотэрэ танкрэ зэщIэту атакэ къигъакIуэхэм зызэпыгъэзахэщ.

3-рей УКРАИНСКЭ фронтым и дзэхэм, наступление ирагъэкIуэкIкIэрэ, августым и 30-м зауэкIэ къащтащ город икIи Румыниям и мыхьэнэшхуэ нефтяной промышленностым и центр Плоешти.

Бухарест и ищхъэрэ-къуэкIыпIаIуэкIэ фронтым и дзэхэм, ехъулIэныгъэ хэлъу наступлением зырагъэубгъукIэрэ, къащтащ къуажэ 200-м щIигъу, абыхэм ящыщщ городхэу МИЗИЛ, УРЗИЧЕНИ, СЛОБОЗИЯ, ЦЭНДЭРЕЙ, къуажэшхуэхэу МИРОШИ, МОВИЛИЦА, МЭРУЦА (БУХАРЕСТ километрэ 27-кIэ и ищхъэрэ къуэкIыпIаIуэщ), БРАТИЯ ПОГАНЕЛЕ, КИКИНЕЦУ, ЯЗУ, МИХАЙ, БРАВУ, гъущIгъуэгу станцхэу УРЛЯСКА, ЯНКА, ДЕДУЛЕШТИ, ФАУРЕЙ, РОСЕТИ, ЧИЛИБИЯ, ТАБАРАШТИ, МОНТЕОРУ, УЛМЕНИ, ВИНТИЛЯНКА, МИЗИЛ, ИНОТЕШТИ, ЧИРЕШУ, ДУДЕШТИ, ЧОАРА, МУРДЖЯНКА, ЦЭНДЭРОЙ, ОГРАДА, СЛАБОЗИЯ, УРЗИЧЕНИ.

(*ЕтIуанарей напэм е плъ*)

# СОВЕТСКЭ ИНФОРМБЮРОМ КЪЫБГЪЭДЭКIЫУ

## Августым и 30-м и оперативнэ сводкэ

(*КIэух*)

Августым и 29-м и кIуэцIкIэ 2-рей УКРАИНСКЭ фронтым и дзэхэм къаухъуреихьа гупым щыщу плен къащIахэщ немецкэ солдатми офицерми мин 15-м нэс. Плен къащIахэщ яхэтхэщ 7-рей немецкэ армейскэ корпусым и командир артиллериям и генерал Хелль, 79-рей немецкэ пехотнэ дывизым и командир генерал-лейтенант Вейкнехт, 258-рей немецкэ пехотнэ дывизым и командир полковник Фишер, 106-рей немецкэ пехотнэ дывизым и командир полковник Ринтенберг.

ИЗМАИЛ и ипщIаIуэкIэ ди дзэхэм къащтащ городхэу ХЫРШОВА, ЧЕРНАВОДА, абыхэм хуэдэ къабзу къащтахэщ нэмыщI къуажи 100-м щIигъу, абыхэм яыщхэщ къуажэшхуэхэр ГЫРЛИЧЮ, ТОПАЛУ, РАМУРАТ, гъущIгъуэгу станцхэу КО МОКАНИ, ХАМАНДЖЕА, ДЖЕНЕРАЛ-Б ШТЕАНУ, КАРАНАСУФ.

Фронтым и адрей участкэхэм разведчи мэплъакIуэхэр икIи щIыпIэ гуэрхэм щIыпIэ мыхьэнэ иIэу зауэ щокIуэкIыр.

Августым и 29-м и кIуэцIкIэ ди дз фронт псом дежи зэхакъутащ немецкэ т 48. Хьэуэм щекIуэкIа зауэмрэ зенитнэ арт лериям и нафIэмрэ къыраудыхащ бий самолет 16.

## Союзникхэм я экспедиционнэ къарухэм я верховнэ командованием и штабым къыригъэхь хъыбархэр

ЛОНДОН, августым и 29-м. (ТАСС). Нобэ союзникхэм я экспедиционнэ къарухэм я верховнэ командованием и штабым къыдигъэкIа хъыбархэм жаIэхэр:

Союзникхэм я дзэхэр, Труа деж Сена псым зэпырыкIахэр, нэсахэщ пункт миль 15-кIэ городым и ищхъэрэ - къуэкIыпIаIуэкIэ щыIэм. НэмыщIуи зэпырыкIахэщ миль заулкIэ городым и ищхъэраIуэкIэ. Союзникхэм я дзэхэу, ищхъэрэ, къуэкIыпIэхэм кIуатэхэкIэрэ Марны и ежэхыпIэмкIэ еххэкIэрэ, нэсахэщ Монмирайля. Хуит къащIыжащ Ла-форте-Сюр-Жуарр. Мо и ищхъэраIуэкIэ союзникхэм я бронетанковэ къарухэр нэсащ Кюверньон (Марны миль 14-кIэ пэжыжьэм). ИпэкIэ кIуэтэныгъэр псынщIу йокIуэкIыр икIи бийм зигъэныгъэ щIагъуэ къищIкъым.

Союзникхэм я дзэхэр быду Сена псым и ли... зыщагъэбыдахэщ икIи... и Iэмыщ'Iэ къинэжар Э... бефрэ тенджызымрэ я ... дэлъ тIэкIуращ.

Бретани деж союзник... я дзэхэр Брест деж щы... хохьэжхэр, лъэныкъуи 3-... кIуатэхэкIэрэ хому, ... зэпымуэ ипэкIэ мэкIуатэ... бийм и зигъэныгъэ... зэпащIкIэрэ. Союзникхэ... авиацияр бийм и объе... хэм ятеуэныгъэр иригъэ... уэкIащ.

## Зауэ здекIуэкI Средиземноморской театрым деж щыIэ союзникхэм я вооруженнэ къарухэм я штабым и сообщениер

ЛОНДОН, августым и 29-м. (ТАСС). Союзникхэм я Средиземноморской театрым и штабым и вооруженнэ къарухэм хъыбар къырегъэхьыр:

Италиям деж 8-рей армиям и передовой отрядхэу, фронтым и секторым деж щызауэхэм, Метауро псым и ищхъэрэ лъэныкъуэмкIэ лъамыж лъабжьэхэр ягъэбыдахэщ бийр хуабжьу къеуэ пэтмикI. Адрей секторхэм деж „готскэ линиям" бгъэдохьэр.

Адриатическэ секторым деж город Фано бийм къыIэщIагъэкIыжащ. Флоренция секторым деж французскэ дзэхэу, 7-рей армиям хыхьэхэм, псалъэ хэмыту немецкэ дзэхэу Марсель къыдэнахэу щытамрэ остров Фриуль къинахэу щытамрэ капитулировать ящIахэщ. Абы хуэдэ къабзу капитулировать ящIащ немецкэ гарнизону Тулон районым, полуостров Сен-Мендрне къинауэ щытахэм. А городитIым дежи плен къащIахэщ мин бжыгъэ заул. Роны аузым деж 7-рей американскэ армиям и частхэр ипэкIэ Монтелимара районым кIуэтэныгъэр щекIуэкIащ, бийм автомашинэ, Iэщ... бжыгъэ куэдыр къэщтэныгъ...мкIэ. Абы и ипщаIуэкIэ фра...цузскэ дзэхэм Рона псым ... пункт заулхэм икIахэщ.

ПсыIуфэ къуэкIыпIэ райо...ным деж американскэ дзэх... къащтащ городхэу Ван, Кань...

Союзникхэм я авиацияр ав...густым и 28-м теуащ нефте...промыслхэм, гъущIгъуэгу коммуникацияхэу Австри..., Венгриям, Севернэ Итали..., Южнэ Францияхэм щыIэхэм.

ВУ 00248

Черкесская областная государственная типография

Ответ. редактор М. САКИЕВ.

ым ауэ гектар 73 щылъ'ц.
Гъа эр хъумэныгъэрикI
ол- хуабжьу мыщ...